



Yon bilten nouvèl Chanselye  
**David C. Banks** voye



Nou ta renmen gen opinyon w!

Chè Nouyòkè:

Youn nan pilye fondamantal lekòl leta Vil Nouyòk nou yo se pou angaje—fanmi nou yo—pou yo se bonjan patnè nan kreyasyon lekòl renome mondal. Nou vle tande ide w konsènan pi bon mwayen pou asire nou ofri lekòl ki reflete espwa ak rèv nou pou edikasyon timoun ou yo.

Sondaj Anyèl Lekòl Vil Nouyòk la se yon bon opòtinite pou w di nou kòman n ap travay ak kisa nou ka fè plis. Mwen ankouraje tout paran, elèv, ak manm estaf la pou yo ranpli sondaj la.

Opinyon ki soti nan Sondaj lekòl NYC a ede lidè lekòl yo konprann kisa manm kominate yo panse sou anviwònman aprantisaj nan lekòl yo epi li bay enfòmasyon sou sa yo bezwen amelyore nan lekòl ak pwogram yo.

Sondaj la disponib sou entènèt nan 10 lang, epi l ap ouvri jiska 31 mas pou tout fanmi ak pwofesè, ansanm ak elèv ki nan klas 6yèm-12yèm ane. Fanmi ka mande tou yon kopi papye sondaj la nan lekòl yo. Fanmi ka pran sondaj la lè yo ale nan [NYCSchoolSurvey.org](https://NYCSchoolSurvey.org). Y ap pataje rezulta sondaj la avèk estaf lekòl yo nan ete a pou ede planifye pou ane lekòl k ap vini apre a. Y ap pibliye rezulta yo pou publik la pi ta nan ane a.

Mèsi paske w fè pati Lekòl Leta Vil Nouyòk, epi tanpri pran kèk minit pou w pataje opinyon w epi ede nou kontinye elve lekòl nou yo ak elèv nou yo nan yon nivo pi wo.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

### Kòman pou ale nan sondaj la

Paran/responsab jis bezwen nimewo idantifikasyon OSIS elèv la ki gen nèf dijit la pou yo ranpli sondaj la. Paran ap antre lèt miniskil "f" ak nimewo 9 dijit ptit yo a kòm kòd sondaj la (egzanp., f123456789) pou yo ranpli sondaj inik yo a. Fanmi ka jwenn nimewo idantite elèv yo nan kanè, kat idantite elèv la, oswa nan kont NYCSA yo. Fanmi dwe kontakte lekòl yo si yo bezwen sipò pou idantifye nimewo idantifikasyon elèv ptit yo.

Famnmi ka pran sondaj la tou lè yo konekte nan kont lekòl NYC yo (NYCSA), kote yo ka wè nòt elèv yo tou, nòt egzamen yo, ak plis ankò.

### Videyo Rezime Semèn lan



Epi men [videyo chak semèn Majistra Eric Adams](#) lan. Si w enterese resevwa mizajou dirèkteman nan biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).